Pou Piblikasyon Imedya: 11/13/2015 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU YOUN NAN PILÓNN WORLD TRADE CENTER LIMEN AN BLE, BLAN AK WOUJ AN SOLIDARITE AVÈK MOUN LAFRANS

"Jodia atak terib nan Paris a te sekwe nou tout, e plis nap aprann, se plis kè nou ap rache," **te deklare Gouvènè Cuomo**. "Sa yo se zak lachte mechanste pa moun ki te ineksplikableman chwazi pou kwè nan rayisman radikal anplis de tout lòt bagay. Nou rejte kalite ekstremis sa – chwazi pito lyen libète, egalite ak fratènite kap ini nou ansanm. Jodia, e nan jou kap vini yo, New York ap limen Youn nan World Trade Center an ble, blan ak wouj kòm nap kanpe an solidarite solanèl avèk moun Lafrans, menm jan yo te fè pou nou nan moman trajedi pa nou. Nou rejwenn avèk yo nan dèy pou moun ki mouri yo, e nap priye pou sila yo ki te blese oswa pèdi pwòch yo. Kòm nap kontinye kanpe bò kote yo nan angajman nou pou yon mond ki gen lapè ak libète."

Gouvènè Cuomo te mande ke limyè sou yon pilònn 408 pye World Trade Center limen an ble, blan ak wouj aswè a, 13 novanm ak nan jou kap vini yo an solidarite avèk moun Paris.

Gouvènè Cuomo te mande tou pou lapolis Eta New York rete vijilan apre atak ensanse sa yo. Lapolis Eta New York, Sant Entelijans Eta New York ak Sèvis Ijans ak Sekirite Enteryè ap kontwole aktivman sitiyasyon an pou nenpòt enplikasyon nan Eta New York e li rete an kominikasyon toutan avèk patnè lokal ak federal yo.

Nap fè Nouyòkè yo sonje pou yo rete vijilan nan antouraj yo, epi rapòte nenpòt aktivite ki parèt sispèk. Yo ka pote rapò nan:

Sant Counter Terrorism nan Sant Entelijans Eta New York
Liy Konsèy pou Teworis: 1-866-SAFENYS (1-866-723-3697)
ctcenter@nysic.ny.gov
"Si ou wè yon bagay, di yon bagay"

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418